


Rejis Apatman ki Gen Penti Plon (Lead Rental Registry) nan Eta New York Elimine danje penti plon nan ansyen kay moun lwe yo.

25 Kominote ki Konsène yo

Zòn sa yo gen plis ka timoun ki viktim nan anpwazonnman plon ak anpil ansyen kay moun lwe.



Albany	Kingston	Schenectady
Amsterdam	Middletown	Spring Valley
Auburn	Mount Vernon	Syracuse
Binghamton	New Rochelle	Troy
Buffalo	Newburgh	Utica
Cheektowaga	Niagara Falls	Watertown
Elmira	Poughkeepsie	Yonkers
Gloversville	Rochester	
Jamestown	Rome	



Rejis Apatman ki Gen Penti Plon (Lead Rental Registry, LRR: Seksyon 1377 nan Lwa sou Sante Piblik) nan Eta New York mande pwopriyetè yo (mèt kay yo) enspekte ak repare danje ki lye ak plon yo. Lwa LRR la gen ladan l 25 kominote ki konsène yo kote ki gen plis ka timoun ki viktim nan anpwazonnman plon ak anpil ansyen kay moun lwe (gade kat la). Pwopriyetè (mèt kay) ki posede bilding ki gen de oswa plis apatman ki te bati anvan ane 1980 yo dwe respekte lwa sa a, menm si se pwopriyetè a oswa yon fanmi ki abite nan youn nan apatman sa yo.

Penti plon k ap dekale sot tonbe ak pousyè nan ansyen kay yo se prensipal sous ki lakoz anpwazonnman plon kay timoun.

Anpwazonnman plon se yon danje pou tout moun, sitou pou timoun piti yo. Pa gen okenn nivo plon ki bon. Depi plon an antre nan kò a, li kapab lakoz dega pèmanan nan sèvo a ak andikap ki p ap ka geri. Penti plon k ap dekale sot tonbe ak pousyè nan kay ki bati anvan ane 1980 yo rete prensipal sous kontak ak plon an. Ou kapab evite kontak sa yo.



Department
of Health

health.ny.gov/LeadRentalRegistry

Fonksyònman Rejis Apatman ki Gen Penti Plon an

Fòk yo enspekte kay moun lwe ki nan kominote ki konsène yo pou wè si yo gen penti plon ladan yo. Pwopriyetè yo dwe ranje, sètifye, epi elimine danje ki lye ak penti plon nan apatman y ap lwe yo.



1 Enspeksyon ki vize detekte prezans plon yo pèmèt yo fouye anndan, deyò, ak zòn moun frekante souvan anndan kay yo pou wè si gen danje ki lye ak plon. 2 Enspektè yo pran echantiyon pousyè yo pou wè si gen danje ki lye ak penti ki gen plon. 3 Epiyou, yo idantifye kote atè a ki ekspozè ki ka gen plon.

Jwenn li, Ranje Li

Lokatè yo ap oblije kite pwopriyetè yo antre anndan kay yo pou yo ka pwograme enspeksyon ki vize detekte prezans plon nan kay yo epi fè reparasyon ki nesèsè yo.

Se ekspè ak kontraktè ki sètifye nan zafè plon ki dwe fè travay sa a.

Fòk yo jere danje yo jwenn ki lye ak plon pandan enspeksyon yo kòm sadwa selon tout lwa Eta, lwa federal, ak lwa lokal yo. Yo ka mande w pou kouvri oswa retire bagay ki nan zòn travay yo pou diminye risk pou simaye plon ladan yo. Fòk pwopriyetè yo mete lokatè yo okouran sou tout rezilta ak aktivite yo.

Gen fon ki disponib nan Eta New York pou ede pwopriyetè yo peye pou reparasyon yo.



Lokatè, Konnen Dwa Ou Genyen

Yo pa kapab degèpi w si pwopriyetè a pa respekte egzijans pwogram Rejis Apatman ki Gen Penti Plon fè yo. Si pwopriyetè a fè w pwosè, mete depatman sante ki nan zòn ou an okouran epi depoze yon plent nan Biwo Pwokirè Jeneral ki Responsab Lojman nan Eta New York la (New York State Attorney General Housing Office).

Jwenn plis enfòmasyon sou health.ny.gov/LeadRentalRegistry